



Pou Piblikasyon Imedya: 19/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PWOJÈ \$1.8 MILYA POU TRANSFÒME  
REJYON SID BRONX**

***Pwojè Estanda Ap Reyalize Rekonstwiksyon Ke Yo T'ap Chèche Depi Lontan nan  
Bruckner-Sheridan Interchange***

***Yo Pral Rekonsevwa Sheridan Expressway lan kòm Interstate epi Konvèti li an  
Yon Boulva, Sa ki ap Amelyore Sekirite Pyeton ak Siklis yo***

***Pwojè A Pral Bay Kominote a Aksè Dirèk, Sekirize nan Rivaj Bronx River ak  
Starlight Park***

***Plan Ke yo T'ap Tann Depi Lontan an Pral Kreye Wout Dirèk pou ale nan Mache  
Hunts Point Market – Elimine Sikilasyon sou Wout Lokal yo epi Redwi  
Ekspozisyon Kominote a kont Polisyon Lè ak Bwi yo***

***Ou Kapab Wè Nouvèl Kat Sheridan Boulevard lan [Isit la](#) & Kontrandi yo [Isit la](#)***

***Ou Kapab Wè Videyo Konsènan Pwojè a [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yon pwojè \$1.8 milya pou transfòme South Bronx lan apati reyalizasyon rekonstwiksyon Bruckner-Sheridan Interchange lan ke yo t'ap chèche depi lontan. Yo pral rekonsevwa Sheridan Expressway lan kòm Interstate epi ranplase li pa yon konsepsyon boulva ki ap pwopis pou alafwa pyeton ak siklis yo. Amelyorasyon sa yo nan Sheridan lan pral konekte vwazinaj yo ansanm, epi bay abitan ak vizitè yo yon koneksyon dirèk ak rivaj Bronx River an ak Starlight Park ke yo te fèmen pou kominote a bò otowout lan pandan plizyè dekad.

Pwojè a tou pral bay aksè dirèk nan mache Hunts Point Market lan, yonn nan pi gwo sant distribisyon manje yo nan mond lan, nan alafwa Bruckner Expressway ak nouvo Sheridan Boulevard lan. Plis pase 78,000 veyikil wwayaj nan Hunts Point Peninsula chak jou, ki enkli 13,000 kamyon ki ap itilize wout lokal yo, ki te ogmante epi kontribiye nan move kalite lè ki nan kominote a. Nouvèl mezi sa yo pral retire sikilasyon sou otowout lokal yo, sa ki ap redwi yon fason konsiderab alafwa polisyon lè ak bwi yo nan yon awondisman ki gen kèk nan pi wo nivo asmatik nan peyi a. Yo prevwa pwojè transfòmasyonèl la pral kreye 4,250 nouvo pòs travay. Pwojè \$1.8 milya a pral konplete

an divès faz, premye nan yon seri ki pral finanse pa \$700 milyon nan bidjè ane sa.

“Pandan ke plan yo te pwopoze epi souffri pandan plizyè dekad, nou ap poze aksyon pou finalman korije sa ki pa’t bon nan pase yo apati rekoneksyon kominote South Bronx yo ki te sibi de baryè ki pa nesèsè yo pou revitalizasyon ak kwasans,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè a pral kreye yon South Bronx ki entèkonekte ak aksè nan Rivaj, rekreyasyon, ak mwens sikilasyon nan lari lokal yo, pandan ke l’ap sipòte pi byen similtaneman sila yo ki ap itilize mache Hunts Point Market lan – yon motè ekonomik vital pou awondisman an.”

Sheridan Expressway lan se yon pati nan sistèm wout ant eta ki obsolèt onivo fonksyonèl ki travèse nan kè South Bronx ki ap fòse abitan yo vwayaje long distans pou atenn pak ak rivaj Bronx yo. Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation) pral chèche rekonsevwa Sheridan Expressway lan antan ke yon wout ant eta yo, epi olye de sa ranplase li ak yon konsepsyon boulva ki pral entegre epi rasanble ansanm vwazinaj Crotona Park, West Farms, Bronx River, ak Soundview yo. Boulva pral genyen yon seri fonksyon ki apwopriye pou pyeton ak siklis yo ki enkli nan nivo travèse yo ak sè dirèk nan Starlight Park ak rivaj Bronx River Waterfront Greenway. Boulva a pral genyen medyàn laj, peyizaj ak ekleraj dekoratif. Yon nouvo pon pyetonan sou Bronx River an pral konekte Starlight Park ak wout miltifonksyon ki travèse rivyè a.

Hunts Point Market lan li se yon motè ekonomik ki vital pou Bronx, ki aktyèlman ap jenere plis pase \$2 milya nan aktivite ekonomik anyèl. Antan ke yonn nan pi gwo mache manje lavant an gwo nan mond lan, penensil Hunts Point lan atire tou plizyè dizèn milye veyikil pa jou ki ap itilize lari lokal yo, patikilyèman Westchester Avenue ak Bruckner Boulevard, pou ale rantre epi soti nan rezo otowout ant eta yo.

Pwojè sa pral transfòme sistèm otowout lokal la apati kreyasyon yon ranp sivòl ki ap soti nan nouvo Sheridan Boulevard lan, ak yon nouvo sòti nan direksyon lès ki soti depi nan Bruckner Expressway pou rive nan Edgewater Road – ki ale dirèkteman nan mache a. Ranp Sheridan lan pral retire gwo sikilasyon ak kamyon ki estasyone sou wout lokal yo, epi li prevwa ekonomize senk minit nan tan vwayaj pou chak kamyon ki ap vwayaje aktyèlman 4 kilomèt sou lari lokal yo. Pou sikilasyon nan direksyon lwès sou Bruckner a pral genyen nouvel ranp antre ak sòti yo nan Leggett Avenue pou plis aksè dirèk nan mache a.

Pwojè a pral elimine tou wout kwense ki nan Bruckner/Sheridan Interchange lan apati ajou yon twazyèm liy nan Bruckner an nan toulède direksyon yo, epi apati relokalizasyon ranp Sheridan yo soti nan antre sou bò goch yo pou ale nan antre sou bò dwat yo. Pwojè sa pral mete tou nouvel mezi yo tankou makaj paviman ak siyalizasyon pou dirije sikilasyon machin, kamyon ak pyeton nan Hunts Point Peninsula a.

Travay pou kreye nouvo Sheridan Boulevard lan pral kòmanse ane pwochèn, epi aspè sa nan pwojè a pwograme pou fin konplete an Prentan 2019. Depatman Transpò Eta a planifye akselere pwosesis Etid Enpak Anviwònmanal la (Environmental Impact Study)

epi itilize kontraktalizasyon ki konstwi sou konsepsyon pou akselere achèyman tout pwojè a.

“Amelyorasyon yo nan Bruckner-Sheridan lan se ankò yon lòt egzanp de kijan Gouvènè Cuomo ap amelyore kominote yo pandan ke l’ap asire ke rejyon yo kontinye devlope epi pwospere,” **se sa Matthew J. Driscoll, ki se Komisè Depatman Transpò Eta New York, te deklare.** “Inisyativ sa pral asire ke abitan yo menm jan ak vizitè yo gen yon opòtinite pou pwofite de bote natirèl Bronx yon nivo san parèy depi nan tan anvan.”

Pwojè sa ke yo t’ap tann depi lontan li ajoute sou pwogrè transfòmasyonèl Bronx lan sou Gouvènè Cuomo. Nan kòmansman ane sa, Gouvènè a te anonse ke eta a ap investi \$15 milyon nan konstwiksyon yon nouvo Santral Manje Rejyonal Mache Vèt (Greenmarket Regional Food Hub) ki ap koute \$20 milyon nan Bronx pou kapab ogmante aksè Nouyòk yo a manje fre ke yo te pwodwi epi kiltive onivo lokal.

Gouvènè a te investi tou yon \$30 milyon adisyonèl nan finansman Pwogram Travay Jèn Iben yo (Urban Youth Jobs Program) ki te fè siksè a, yon pwogram kredi enpo inovatif ki konekte jèn minorite ak jèn ki an danje yo ak opòtinite travay yo nan kominote yo toupatou nan eta a. Eta a te bay tou yon sibvansyon \$1.6 milyon ki baze sou pèfòmans yo pou ouvri Silvercup Studio North, ki se yon nouvèl antrepriz ak estidyo pwodiksyon nan awondisman an. Bronx pral wè tou konstwiksyon kat nouvèl estasyon Metro-North nan Hunts Point, Parkchester, Morris Park, ak Co-op City, ki ap ouvri kominote a pou touris epi bay aksè dirèk a Penn Station pou abitan lokal yo. An plis, Rediksyon Povrete nan Anpi Eta a (Empire State Poverty Reduction) pral rasanble gouvènman lokal ak leta, gwoup kominotè ak san bi likratif yo pou konsevwa epi reyalize solisyon ki kowòdone yo pou abòde kesyon povrete nan kominote Bronx yo.

“Sheridan Expressway lan se yon branch ki enpòtan anpil pou Bronx, epi plan sa pral transfòme li pou vin tounen yon wout ki pi sekirize, pi pwopis pou biznis, ki pral konekte pi byen kominote Bronx lan,” **se sa Ruben Diaz Jr., ki se Prezidan Awondisman Bronx lan, te deklare.** “Nan amelyore aksè a mache Hunts Point lan, rivaj Bronx River an ak Starlight Park, plan Gouvènè Cuomo a pral ajoute sou reyisit inisyativ estratejik sa yo ki te deja pote amelyorasyon dramatik nan rejyon an, epi kreye nouvèl opòtinite ekonomik pou tout moun ki nan kominote nou an.”

“Pandan twò lontan, abitan Bronx yo te gen pou fè fas a konsekans destwiktif desizyon yo ki te inyore nesite kominote nou yo, ki enkli Sheridan Expressway lan ke yo te malman planifye,” **se sa Senatè Eta a Jeff Klein te deklare.** “Jodi a, Eta New York ap koute. Nan transfòme otowout sa epi bay abitan yo nouvo aksè a espas pak enpòtan yo, pwojè \$1.8 milya sa pral ede abòde yon enjistis pase epi konstwi yon pi bon avni pou Bronxites. Ak sipò Gouvènè Andrew M. Cuomo a, nou ap transfòme Bronx epi amelyore lavi plizyè milye Nouyòkè.”

“Mwen kontan anpil pou mwen aprann de detay yo ak dire ki te etabli pa Gouvènè Andrew Cuomo pou enkli Sheridan Expressway lan nan yon pwojè soti nan otowout pou vin tounen boulva,” **se sa Senatè Eta a Ruben Diaz Sr. te deklare.** “Amelyorasyon sa yo pral ede redwi anbouteyaj pou biznis Bronx yo, espesyalman sila yo ki ap itilize

Hunts Point, epi yo pral bay tou nouvèl opòtinite komèsyal pou kominote nou an. Mwen ankouraje espesyalman poutèt mwen konnen ke amelyorasyon sa yo pral ede konekte ak vwazinaj nou yo, epi bay pi bon aksè pou fanmi nou yo nan pak ak lekòl nou yo. Sa se yon pwòje ke yo te dwe fè depi lontan, epi mwen apresye epi mwen remèsye Gouvènè a poutèt li bay \$1.8 milya pou pèmèt li reyalize.”

“Aprè plizyè dekad lide ak pwopozisyon pou abòde efè malad sistèm otowout sa sou kominote nou an, mwen kontan anpil dèske Gouvènè Cuomo pote solisyon,” **se sa Marcos Crespo, ki se Manm Asanble, te deklare.** “South Bronx ap vin tounen yon kominote aktivite ak eksitasyon ekonomik ki ap pwospere gras a angajman enfleksib Gouvènè Cuomo a. Pwojè sa pral ajoute sou dinamis sa, sa ki ap amelyore enfrastrikti transpò nou yo epi ogmante aksè a espas lib yo pou kapab asire transfòmasyon pèmanan Bronx pou vin tounen yon santral ekonomik aktif ki ap fleri. Mèsi Gouvènè Cuomo poutèt envestisman majè sa ki pral asire ke Bronx kontinye devlope epi pwospere pou jenerasyon ki ap vini yo.”

“South Bronx te gen pou mennen plizyè batay pandan plizyè ane pou kapab siviv pou jwenn pati sèvis pa li, epi pa viktim akòz desizyon planifikasyon yo ki gen move konsekans sou vwazinaj li ak popilasyon li an,” **se sa Robert Abrams, ki se ansyen Prezidan Awondisman Bronx ak Avoka Jeneral, te deklare.** “Sipò Gouvènè Cuomo a pou retire komisyon sou Sheridan Expressway lan li merite elòj, epi li bay espwa ak pwomès pou redanpsyon pou yon seri kominote. Aksè a dlo ak espas lib pral bay espas rekreyasyon ki enpòtan pou yon popilasyon ki merite yo.”

“Plan \$1.8 milya Gouvènè a pou transfòme South Bronx lan pral rekonekte vwazinaj sa yo epi pèmèt kominote nou yo pwospere epi devlope pou jenerasyon ki ap vini yo,” **se sa Fernando Ferrer, ki se ansyen Prezidan Awondisman Bronx, te deklare.** “Mwen kontan anpil pou wè avni Sheridan Boulevard vin reyalize atravè plan enteresan sa. New York te fè gwo pwogrè nan amelyore lavi abitan yo atravè Empire State epi mwen remèsye Gouvènè a poutèt li fè envestisman istorik sa pou kapab asire ke kominote nou yo kontinye sou trajektwa pwogresis sa epi rete dirab pou dekad ki ap vini yo.”

###